



Pou Piblikasyon Imedya: 09/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO OTORIZE MANJE ALENTERYÈ NAN VIL NEW YORK POU YO REPRANN 30 SEPTANM AK 25 POUSAN LIMIT KAPASITE MOUN

*Yo egzije kontwòl tanperati, enfòmasyon pou trasaj kontak, mask pou kouvri figi yol è yo pa chita ak lòt pwotokòl sekirite; yo pa pral pèmèt sèvis ba epi p'ap gen sèvis apre minwi*

*Vil New York gen pou founi yon ekip ki gen 400 anplwaye ranfòsman pou asire konfòmite*

*Yo pral re-evalye direktiv yo baze sou done yo disi 1 novanm; si to enfeksyon an pa ogmante, yo ka pèmèt restoran yo pase jiska a 50 poustan kapasite moun nan; eta a pral kontwole nenpòt ogmantasyon pozitivite sou yon baz kontinyèl pou yon re-evalyasyon potansyèl*

*Restoran yo dwe afiche piblikman kapasite entèn yo ak nimewo telefòn yo pou rapòte vyolasyon yo; kliyan yo ki obsève vyolasyon ka rapòte pwoblèm yo lè yo rele 833-208-4160, oswa lè yo voye mesaj tèks 'VIOLATION' nan 855-904-5036*

***Gouvènè a anonse Eta gen pou lanse PSA 'Nouyòkè yo Pwoteje Nouyòkè yo' ak asosyasyon restoran Eta New York la pou ankouraje konfòmite***

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse sant komèsyal yo nan Vil New York pral genyen otorizasyon pou re-ouvri apati 30 septanm avèk yon limit okipasyon ki se 25 poustan. Tout restoran ki chwazi re-ouvri yo pral sijè a pwotokòl sekirite strik, ki gen ladan kontwòl tanperati, enfòmasyon pou trasaj kontak, mask pou kouvri figi yo lè yo pa chita ak lòt pwotokòl sekirite. Yo pa pral pèmèt sèvis ba, epi restoran yo pral fèmen a minwi. Yo pral revize direktiv yo baze sou done yo disi 1 novanm. Si to enfeksyon an pa ogmante, yo ka pèmèt restoran yo pase jiska a 50 poustan kapasite; Eta a pral kontwole nenpòt ogmantasyon pozitivite sou yon baz kontinyèl ak potansyèlman re-evalye si sa nesesè. Direkti biznis pou manje alenteryè nan Vil New York disponib [isit la](#).

Vil New York pral bay yon ekip ki gen 400 anplwaye ranfòsman pou travay avèk Fòs Entèvansyon Lapolis Eta (State Police Task Force) a pou asire konfòmite. Restoran yo dwe afiche piblikman 25 poustan kapasite manje entèn yo ak nimewo telefòn ak nimewo tèks pou rapòte vyolasyon yo. kliyan yo ki obsève vyolasyon ka rapòte

pwoblèm yo lè yo rele 833-208-4160, oswa lè yo voye mesaj tèks 'VIOLATION' (VYOLASYON) nan 855-904-5036

"Mwen vle remèsyé Nouyòkè yo pou travay di yo pou ogmante konfòmite, e nou kapab franch pwochen etap la nan re-ouvri restoran nou yo kounye a. Nou deja ap pale ak moun ki gen enterè yo, epi nou anonse ke nou ka re-ouvri manje alenteryè san danje nan Vil New York kounye a ak kapasite limite nan fen mwa sa a, depi ke yo konfòme yo avèk pwotokòl sante ak sekirite estrik yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Sa a se yon bon nouvèl epi yon bon pa annavan, espesyalman pou mèt restoran yo ak anplwaye yo ki ap andire difikilte nan moman sa a. Men, li depann de nou tout pou asire konfòmite ak sante ak sekirite sila ki bò kote nou yo."

Gouvènè a te anonse tou Eta gen pou lanse PSA 'Nouyòkè yo Pwoteje Nouyòkè yo' (New Yorkers Protecting New Yorkers) ak asosyasyon restoran Eta New York la pou ankouraje konfòmite

### **Konsèy pou manje alenteryè nan Vil New York**

- 25 poustan limit kapasite moun nan
- Yo pral egzije kontwòl tanperati nan pòt la pou tout kliyan yo
- Yo pral egzije yon manm nan chak pati bay enfòmasyon pou trasaj kontak si sa nesesè
- Pa gen sèvis ba - ba yo pral itilize sèlman kòm ba o sèvis, yon sous pou bwason ak sèvis bò tab
- Yo dwe mete mask yo toutan lè yo pa chita sou yon tab
- Tablo yo dwe a distans sis pye
- Restoran yo fèmen a minwi
  - Respè estrik pou tout konsèy Eta bay yo
  - Restoran yo ta dwe opere selon estanda filtrasyon lè, vantilasyon ak pirifikasyon amelyore yo
  - Limite resiklaj lè ak pèmèt vantilasyon lè eksteryè
  - Manje anplennè yo pral kontinye pa enterim

**Melissa Fleischut, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral, Asosyasyon Restoran Eta New York (New York State Restaurant Association) la, te deklare,** "Anons jodi a vini nan yon moman esansyèl pou endistri restoran nan Vil New York la, e nou ta renmen remèsyé Gouvènè Cuomo paske li rekonèt sa epi bay espwa pou dè milye restoran ki base isit nan kapital gastronomik mond lan. Pèmèt restoran yo ouvri alenteryè ak yon kapasite limite pral founi restoran sa yo yon liy ekonomik vital jan yo tout eseye epi kenbe pòt yo ouvri atravè pandemi sa a. Nou pral travay ak plezi ak ajans gouvènmantal yo ak patnè otelye ki konsène yo pou ede asire ke tout restoran nan Vil New York yo konprann règleman yo".

**Jeremy Merrin, Vis Prezidan, NYC Chapter, Asosyasyon Restoran NYS; Fondatè ak Direktè Egzekitif Jeneral, Havana Central Restaurant Group, te deklare,** "Nou rekonesan anpil pou Gouvènè Cuomo paske li mete ansanm yon plan pou re-ouvri

restoran yo pou manje alenteryè nan Vil New York a 25 pouzan. Nou fòtman kwè ke a vas majorite mèt restoran yo pral pran opòtinite sa a oserye ak respekte tout direktiv CDC ak DOH yo. Avèk plan sa a, li pral trè an sekirite pou manje nan Vil New York. Nou ap tann ak enpasyans pou travay avèk Gouvènè a ak Majistra a pou asire manje alenteryè a pote siksè".

**Danny Meyer, Fondatè & Direktè Egzekitif Jeneral, Union Square Hospitality Group,** "Fè yon restoran mache se yon travay renmen, epi ansanm ak anpil kòlèg li yo ak manm pèsonèl la, nou lite atravè defi san parèy yo nan pandemi sa a, bay meyè de nou menm pou bay Nouyòkè ki grangou atravè ramasaj sou twotwa ospitalite san danje, livrezon ak espas anplennè yo, nou pa konnen konbyen tan ankò nou ka travèse. Mwen rejwenn kòlèg mwen yo nan remèsye Gouvènè a paske li ouvri pòt la pou yon rekiperasyon san danje epi gradyèl nan bay yon solisyon sansib pou manje alenteryè epi n'ap tann ak enpasyans pou travay avèk tout moun pou garanti sekirite kliyan ak anplwaye nou yo. Sa a se yon premye etap enpòtan pou anboche plis manm nan ekip nou an, fè plis biznis ak founisè nou yo, ak re-akeyi Nouyòkè yo nan New York".

**Andrew Rigie, Direktè Egzekitif, NYC Hospitality Alliance te deklare,** "Endistri restoran Vil New York la te devaste finansyèman pa pandemi COVID-19 la epi yon retou san danje nan manje alenteryè a enpòtan pou ede sove ti biznis ak djòb enpòtan sa yo. Nou rekonesan pou Gouvènè Cuomo paske li te anonse yon retou manje alenteryè avèk yon plan ekspansyon alavni. Restoran yo esansyèl pou tisi ekonomik ak sosyal New York, epi manje alenteryè se yon eleman kle pou rekiperasyon endistri a".

**Isabella Di Pietro, Ko-fondatè, Feed the Frontlines NYC te deklare,** "Travayè restoran Vil New York yo enkyete pou sèvi fanmi ak kominate yo, epi nou kontan wè Gouvènè Cuomo anonse ke manje alenteryè ka reprann jodi a. Travay restoran te yon sous revni depi lontan pou anpil moun k'ap fè efò pou fè li nan Vil New York e li esansyèl pou li pa toufe nan mwa ivè kap vini yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li te pran mezi pou sipòte travayè ti biznis yo ak restoran yo nan tout vil nou an".

**Luca Di Pietro, Fondatè Tarallucci e Vino te deklare,** "Endistri restoran an sipòte travayè yo ak fanmi yo toupatou nan Vil New York e mwen kontan wè Gouvènè Cuomo anonse re-ouvèti manje alenteryè jodi a. Kòmansman sezon ivè a fè li esansyèl pou anplwaye restoran yo kontinye touche revni nan manje alenteryè, ak nouvo konsèy eta pral asire travayè yo ak envite yo an sekirite pandan endistri a ap eseye siviv nan mitan pandemi sa a".

**Sean Feeney, ko-fondatè Grovehouse; Pwopriyetè, Lilia ak Misi te deklare,** "Nou rekonesan Gouvènè Cuomo te akeyi nou sou tab la e li te travay avèk nou pou fè manje alenteryè tounen yon reyalite ankò. Nou pa ka tann pou nou akeyi ekip ak envite nou yo andeda restoran nou yo ankò trè byento. Vil New York toujou redrese li. Fwa sa a, nou pral refè li ansanm ak rebati lavil nou an san danje, pwoteje libète ak jistis pou tout moun".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)